

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- Bòn Sante Egal Bon Prezans!
- Asistans pou Siklòn
- Pwojè '1Million'

Septanm 2019

Bilten 12 | NIMEWO 55 |



MIAMI DOLPHINS SIPÒTE 'VALUES MATTER MIAMI'

"Values Matter Miami" (Valè yo Enpòtan nan Miami) se pwogram edikasyon inovatif sou valè yo nan "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County). Inisyativ sa a konsantre sou nèf valè debaz yo, ki se sitwayènte, kowoperasyon, jistis, onètete, entegrite, jantiyès, rechèch ekselans, respè, ak responsablite.

Miami Dolphins ap fè patenarya avèk M-DCPS pou Kanpay 'Values Matter Miami' pou 2019-2020. Patenarya sa a ap ede Distri nou an elaji aksesibilite inisyativ sa a ki gen anpil siksè e l ap resevwa plis eksitasyon nan pwomosyon ak selebrasyon nèf valè debaz yo.

Kòm yon pati nan kanpay sa a, lekòl

yo nonmen elèv ak kèk anplwaye ki bay bon egzanp nan valè yo deziyen chak mwa. Anplis posiblite pou seleksyon yo pou rekonesans nan Seremoni anyèl Prim 'Values Matter Miami' nou an, Miami Dolphins ap seleksyon elèv yo nonmen ane sa a tou pou rekonesans. Kòm yon moun ki resevwa rekonesans pou prim masyèl 'Values Matter Miami' Miami Dolphins la, elèv yo ap resevwa yon selebrasyon Miami Dolphins, ki gen ladan pèsònèl Miami Dolphins ki pral vizite lekòl elèv la e ki pral fè yon selebrasyon Valè Debaz 'Values Matter Miami' pou onore elèv sa a. Elèv la ap resevwa tikè pou ale nan match Miami Dolphins ap fè lakay li e y ap rekonèt li nan okazyon sa a.

Miami Dolphins ap sipòte 'Values Matter Miami' tou atravè inisyativ "My Cause, My Cleats" (Koz Mwen, Kranpon Mwen). Nou ankouraje elèv pou yo patisipe nan Konpetisyon Desen Kranpon 'Values Matter Miami' an. Elèv ki ranpòte konpetisyon an ap gen privilèj pou yon jwè Miami Dolphins mete kranpon li desine a nan match li ap fè lakay li 1ye desanm.

Anplis, Miami Dolphins fè patenarya avèk Distri nou an pou kreye anons sèvis piblik konsènan kanpay la ansanm ak chak nan nèf valè debaz yo. Ou ka gen aksè ak premye "PSA" (Anons Sèvis Piblik) la atravè [lyen](#) sa a.



Annou kòmanse avèk vaksen e sa ou dwe konnen. Elèv ki ap antre nan Jadendanfan ak nouvo elèv nan Lekòl leta Miami-Dade County dwe pran vaksen ki ap suiv yo pou yo antre e ale lekòl:

- Kat oubyen senk dòz vaksen “diphtheria-tetanus-pertussis (DTaP)” (difteri-tetanòs ‘pertusis’)
- Twa dòz vaksen epatit B (Hep B)
- Twa, kat oubyen senk doz vaksen polyo (IPV)
- De (2) dòz vaksen “measles-mumps-rubella (MMR)” (malmouton-lawoujòl-ribeyòl)
- De (2) (dòz vaksen varisèl pou jadendanfan ak 1ye ane eskolè jiska 11èm ane eskolè
- Yon (1) dòz varisèl pou douzyèm ane eskolè

Yo mande pout tout elèv 7èm ane eskolè pran vaksen k ap suiv yo pou

yo antre e ale lekòl:

- Yon dòz “tetanus-diphtheria-pertussis (Tdap)” (tetanòs-difteri-grip koklich) nan setyèm jiska douzyèm ane eskolè
- Ou dwe pran yon fòm DH 680 ki ajou e ki gen ladan Tdap pou remèt nan lekòl la.

Vaksen gratis disponib kounye a nan adrès k ap suiv yo. Pou pran yon randevou, silvouplè rele (786) 845-0550.

• Health District Center
1350 NW 14th Street 2nd Floor
Miami, Florida 33125
Lendi-Vandredi
8:00 dimaten – 3:30 nan aprèmidi

• West Perrine Center
18255 Homestead Avenue
Miami, Florida 33157
Lendi-Vandredi
8:00 dimaten – 3:30 nan aprèmidi

• Little Haiti Health Center
300 NE 80th Terrace 2nd Floor
Miami, Florida 33138
Lendi, mèkredi ak vandredi
8:00 dimaten – 3:30 nan aprèmidi

Pou plis enfòmasyon ale nan www.immunizeflorida.org

TI KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

Primè:

Montre pitit ou Fason pou L Òganize Li
<http://bit.ly/2ZxLfra>

Segondè:

Speak with your Teen’s Teachers
<http://bit.ly/2ZtPesD>

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

30 septanm

Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

9 oktòb

Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

25 oktòb

Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

ANN EDE VWAZEN NOU YO NAN BAHAMAS



Domaj Siklòn Dorian yo grav anpil e nou kontinye priye pou moun tanpèt terib sa a afekte. Lekòl Leta Miami-Dade County gen yon tradisyon bòn volonte ak imanite ki rich anpil e ki rive pi lwen pase kominote nou an. Menm jan nou abitye fè deja, n ap kolekte lajan, pwodui ki pap gate, ansanm ak

materyèl pou sipòte efò asistans pou moun tanpèt la afekte, e nou ankouraje anplwaye nou yo ak fanmi yo pou yo patisipe. Kontribisyon lajan yo ap fèt atravè ‘Foundation for New Education Initiatives’ ki ap voye yo bay ‘Operation Helping Hands.’ Donasyon ou fè yo ap sipòte bezwen imedyà e alontèm moun Bahamas. Fanmi yo ka pote pwodui ki pap gate ansanm ak materyèl tou nan Jounen Vizit ki pral fèt nan lekòl pitit yo.

Efò sekou sa yo pral abouti nan yon konsè benefis 28 septanm a 6è diswa

nan Miami Arts Studio 6-12 nan Zelda Glazer. Pou achte tikè, vizite www.bit.ly/MDCPS4BAHAMAS.

Pou w aprann plis sou fason ou ka ede Bahamas oubyen pou w fè kontribisyon lajan, silvouplè vizite www.dadeschools.net oubyen www.giveourstudentstheworld.org.

Vin met ansanm ak fanmi M-DCPS la pou demontre detèminasyon pou kontribisyon ak jenewozite pou moun ki gen plis bezwen yo.



REVINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

2 oktòb

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

20 novanm

10:00 dimaten
Reyinyon Oganizasyonel
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) ap kontinye patenarya li avèk '1Million Project Foundation' pou ofri elèv lekòl segondè ki elijib e ki pa gen aksè Entènèt lakay yo yon telefòn entelijan gratis ak done gran vitès atravè "1Million Project (1MP)" (Pwojè 1Milyon). Elèv ki elijib yo dwe enskri nan yon lekòl segondè M-DCPS nan 9èm-12èm ane eskolè, yo dwe gen laj 13 ane oubyen plis, e yo pa dwe gen Entènèt gran vitès lakay yo. 1MP defini Entènèt gran vitès lakay la kòm:

- Pa gen aksè Entènèt lakay ditou
- Plizyè elèv nan menm kay la, ki ap travay sou yon sèl òdinatè

- Gen Entènèt nan kay la, men vitès la trè fèb (sètadi atravè telefòn) e li pa sifi pou fè devwa.

Elèv ki elijib yo ap resevwa yon telefòn entelijan Android pou yo sèvi pandan yo enskri nan lekòl segondè M-DCPS, kapasite "hotspot" (Entènèt entegre) gratis pandan yo sou rezo Sprint la, 10 GB done LTE gran vitès pa mwa, done san limit a vitès 2G, Vwa ak Tèks san limit (okenn apèl entènasyonal long distans), ak apèl/tèks lokal san limit sou rezo Sprint la. Elèv ki elijib yo dwe ranpli fòm konsantman paran ki obligatwa a, paran yo dwe siyen li, e pote fòm ki siyen an bay anplwaye yo deziyen pou sa nan lekòl la

oubyen yon administratè lekòl.

Pou plis enfòmasyon konsènan Pwojè 1Million Sprint la, silvouplè vizite sit Entènèt 1MP M-DCPS la ki lokalize nan <http://digital.dadeschools.net/sprint.asp>. Anplis, paran ak elèv ka vizite sit Entènèt Resous pou Elèv la nan <http://www.1millionproject.org/student-resources> pou enfòmasyon konsènan aparèy mobil la, itilizasyon done sanfil yo, e fè telefòn entelijan an tounen yon sous Entènèt entegre mobil pou l ka sèvi sou aparèy mobil distri a ba yo.

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@MiamiSup
@EscuelasMDCPS



@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Martin Karp, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Steve Gallon III
Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipèentandan Lekòl yo
Christopher Badillo
Konsèyè Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se yon Pwodiksyon
Biwo Kominikasyon an

Daisy González-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon